ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№119 (23.277) • 2016 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 23, махуэжь • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КIуэкIуэ Юрий: Нэгъуэщ I къэралхэм къитшхэр зэхъуэкIынымкIэ дуIэ Iэмалхэм зедгъэубгъукIэрэ дэ къызыдогъэпэщ республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэ зэпIэзэрытым и лъабжьэ быдэ

КъБР-м и Iэтащхьэм жэуап иритащ ПЛЭФ-2016-м кърикIуахэм теухауэ «Интерфакс» хъыбарегъащIэ агентствэм зыкъызэрыхуигъэзэ упщIэхэм.

- Петербург щекIуэкIа экономикэ форумым къыщаIэта Iуэхухэм ящыщу уэ сыт хуэдэхэра Къэбэрдей-Балъкъэрым и дежкIэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэу къэплъытэхэр?

- Петербург щыIа къэрал зэхуаку экономикэ форумыр дунейпсо, урысейпсо экономикэхэм зегъэужьыным егъэщIылIа Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэм щытепсэльыхь мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэ зэхуэсхэм зэращыщым и мызакъуэу, ахэр зэрызэфIагъэкIыну Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэри къыщыхалъхьэ зэIущIэщ. Иджырей форумым щыхэплъащ экономикэ зыужьыныгъэм егъэщIылIа мыхьэнэшхуэ зиIэ икIи зи чэзу Iэхуэхэу щ ныкъуэм щIигъум. Къэбэрдей-Балъкъэрым и дежкIэ нэхъ зи чэзущ хъэрычэтыщIэ лэжьыгъэ мащIэмрэ курытымрэ зегъэужьыныр, Iэщ1агъэ пыухыкIа цIыхухэм егъэгъуэтыныр, щIынальэм и Iэнатlэ псори егъэфIэкIуэныр.

- Сыт хуэдэу республикэм мы зэманым инвестицэ политикэр зэрыщагъэувар? Экономикэм зиIэтыныр къызэзыгъэпэщ сыт хуэдэ Iэнатlэхэра фи гулъытэ нэхъыщхьэр зыхуэвгъэзнур?

- Инвестицэ политикэр республикэм и экономикэ стратегием мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэ и Iыхьэу щытщ. КъБР-м и Iэтащхьэм дежь щолажьэ Инвестицэхэмрэ хъэрычэтыщIэ лэжьыгъэмкIэ совет. Ар щIэгъэкъуэн яхуохъу инвестицэхэр къешэлIэныимкIэ, бизнесым зегъэужьынымкIэ хабзэгъэув, экономикэ Iэмал нэхъ езэгъэр зэтеухуэным.

Республикэм инвестицэ лэжьыгъэр щызэзыгъакIуэ хабзэ нэхъыщхьэщ «КъБР-м инвестицэ лэжьыгъэр зэрыщыгъэувам и Iуэхукlэ» законыр. Абы щыубзыхуащ къэралым инвестицэ проектхэр зэрыдиныгъ Iэмал зыбжанэ. КъБР-м и къэрал шэсыпIэхэр, щынальэ налогхэмкIэ льготэхэр, бюджет кредитхэр ират. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Сакъылэт фондым къыахари, мылъкумкIэ ятыну сакъыпэтыр, щынальэ налогхэр япшынын папщIэ инвестицэ налогредитхэр, инвестпроектхэр ягъэззэщIэн папщIэ инфраструктурэхэр къызэрызэрагъэпэщыну мылъку КъБР-м и Инвестицэ фондым къыхахри къаутIыпщ.

Абы къыдэкIуэу законым щыгъэуващ инвестицэм пыщIа Iуэхухэр банкхэм щызезыгъакIуэхэм къыIаха кредитхэм яхуэзэ процентхэм щIата ахъшэр хуапшыныжын, къыдэкIуэуи финанс бэджэндымкIэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэхэм тещIыхьауэ къыIаха лизингхэм трагъэкIуэдахэм ящыщ Iыхьэ ятыжын папщIэ, республикэ бюджетым субвенцэхэмрэ субсидиехэмрэ къаутIыпщыныр.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Районхэмрэ къалэхэмрэ я щытыкIэм топсэлъыхь



КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щриГъэкIуэкIащ республикэм и районхэмрэ къалэхэмрэ я социально-экономикэ щытыкIэм теухуа зэIуущIэ.

СЫХЬЭТИЩЫМ щIигъукIэ екIуэкIа псалъэмакъым зи гугъу щащIа Iуэхуэгъуэхэм ящыщт муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъумрэ ар хэгъэхъуэнымкIэ щыIэ Iэмалхэмрэ. А Iуэхур мы гъэм и япэ илъэс ныкъуэм республикэм зэрыщызэфIахам теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэльащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и унафIэщIым и къуэдзэ - щIыпIэ самоуправленхэхэм я Iуэхухэмкlэ управленэм и унафэщI **Сарбашевэ Светланэ.**

Сарбашевэм жиIахэм къыдыщIагъуу зэIуущIэм апхуэдэу къыщыпсэльащ КъБР-м финансхэмкIэ и министр **Лыхъ Зауррэ** абы и къуэдзэ **КIэрэф Муратрэ**.

Энергетикэмрэ коммунальнэ Iуэхущ1апIэхэмрэ епхауэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ щыIэ объектхэр зи мылъкур къыщыгъэльэгъуа документхэр икIэщIыпIэкIэ зэфIэгъэхьэн хуей Iуэхухэм щыщу жиIащ КIуэкIуэ Юрий икIи а лэжьыгъэр и чэзум ирихьэлIэу зымыгъэзащIэ къулыкъущIхэм жэуап ткIий зэрахьынури къыхигъэщащ.

ИНЭРОКЪУЭ ТатIэ.

КъБР-м и Iэтащхьэм нэхъыжьхэм пщIэ яхуещI

Дыгъуасэ, мэкъуауэгъуэм и 22-м, Хэку зауэшхуэр къызэрыхъейрэ илъэс 75-рэ щрикъуа махуэм, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Правительствэм и Унэм щахуэзащ зауэм хэтахэм, а зэманым лэжьахэм, ветеран зэгухьэныгъэу республикэм щыIэхэм я унафэщIхэм.

КЪЫIЭЗХУЭСАХЭМ защыхуигъаазэм, республикэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ илъэс 75-кIэ а махуэ шынагъуэм пэIэщIэ дыхъуами, Хэкум и щхьэхуитныгъэм зи псэ щIэзыта-хэм, текIуэныгъэ махуэр къэблагъэным хущIэкъуахэм, я къаруи узыншагъи щымысхьыжу, жэщ-махуэ ямыIэу лэжьахэм я лIыгъэр нобэ псэухэм зэрытщымыгъупщар.

«А зауэм и пэжыпIэр, ар зыIэзыбжьэу икIи гущхьэкъутэу къызэрыхъеир, и Iэужьхэр гъэзэкIуэжьыгъуейуэ зэрышцытар ящIэн хуейщ къыдэкIуэтей щIэблэм, - жиIащ КIуэкIуэ Юрий. - Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу цIыху мин 60-м щIигъу Хэку зэуапIэм щыIащ, абыхэм ящыщу мин 40-м нэблагъэм къагъэзэжакъым. Ди адэшхуэхэм зэрахьа лIыгъэм дызэрыригушхуэр дэ къэдгъэлъэгъуащ мы гъэм Накъыгъэм и 9-м Урысейм щекIуэкIа «Полк уахътыншэ» зыфIащам дызэрыхэтамкIэ. Зауэм хэкIуэда я Iыхьлыхэм я сурэтхэр яIыгъыу Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэхэмрэ районхэмрэ я уэрамхэм цIыху мин 60-м щIигъу къыдэкIат абы щыгъуэ».

Хэкур яхъумэу зи псэр зытахэм къызэхуэсахэр дакъикъэкIэ хуэщIыгъуа нэужь, ветеранхэмрэ республикэм и Iэтащхьэмрэ зэпсэльащ. Нэхъыжьхэм ягу къагъэкIыжащ зауэ лъэхъэнэ хьэлъэхэр, нобэ цIыхухэр псэуным теухуауэ зыхэт гугъуехьэр къыдэнэкIынымкIэ хэкIыпIэу ялъагъуэхэр жаIащ, ди къэралым ифI зыхэлъ Iэхэугъуэхэр дунейпсо утыкум щыгъэбыдэнымкIэ лIыщхьэхэм яхуэзэфIэкI къагъанэ зэрымыхъунури къыхагъэщащ.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

ЗыщIагъэкъуэну хьэзырщ

● Банк Iуэхухэр

Хъумапlэ банк ПАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэмрэ республикэм Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ КъБР-м и бюджетым и хьэкъкIэ анэ (унагъуэ) мылъкум и къэрал сертификат зратахэм хухах ипотекэ кредитхэм щхьэщатыкIыпхъэхэм щыщ Iыхьэ банкым зэрахуитынум теухуа зэгурыIуэныгъэ зэращIылIащ.

МЫ ПРОГРАММЭР 2016 гъэм и кIэ пщIондэ ягъэззэщIэнущ икIи сом мелуанрэ мин щитхум нэблагъэ илъэсипщI пIалъэкIэ абыкIэ къыIах хъунущ. ЩхьэщатыкIынур процент 13-м нэсщ. Урысейм и Банк Нэхъыщхьэм игъэувам и процент тхущIыр республикэ бюджетым абы зэрыхилъхьэм тещIыхьауэ ар хуатынущ.

Пэщ1эдзэ взнос нэхъ мащIэ дыдэр псэупIэм и уасэм и процент 20 мэхъу. Сабийр илъэсищ щрикъунум емыжьэу анэ (унагъуэ) мылъкур пэщIэдзэ взносу къагъэсэбэп хъунущ.

Илъэсыр къызэрихьэрэ сом мелуан 450-м щIигъу зыхуэзэ псэупIэ кредиту 340-рэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм итащ. Анэ мылъкум и къэрал сертификат яIэу ипотекэ щIыхуэ къэзыщтэхэм щхьэщатыкIыпхъэхэм щыщ Iыхьэ республикэ бюджетым и хьэкъкIэ хухалъхьэжынущ.

- «Урысейм и Хъумапlэ банк» ПАО-м и щIыналъэ къудамэм анэ (унагъуэ) мылъкукIэ псэупIэ кредит къэзыщтэну хуейхэм Iэмалыщ1эр яхуеГъэлъагъуэ. Ди Iэщ1агъэлIэр дэтхэнэми хэхаэу ядэлэжьэну, я псэупIэр ирагъэфIэкIуэнымкIэ зыщIагъэкъуэну хьэзырщ, - къыхигъэщащ а Iуэхущ1апIэм и унафэщI Урысбий Хьэмидбий.

Урысейм и Хъумапlэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр 2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 29-м зэхэтынущ.

ЗэIущIэм щыщIидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Пэкlуэр

Апхуэдэр зэи пщыгъупщэ хъунукъым

КъБР-м щыIэ МВД-м и лэжьакIуэхэмрэ ветеранхэмрэ ирагъэкIуэкIащ «Пщэдей зауэ къэхъуат» Iуэху.

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 21-м сыхьэт 22-м КъБР-мкIэ МВД-м и унафэщIхэмрэ къулыкъущIхэмрэ, министерствэм дэлажьэ Жылагъуэ советым и лIыкIуэхэр, Iэнатlэм и ветеранхэр хэтащ «Пщэдей зауэ къэхъуат» урысейпсо Iуэхум щыщ Iыхьэу ирагъэкIуэкIа «Свеча памяти» зыфIащам. Налшык къалэ и «МафIэ мыужьыхь» фэеплъым деж щызэхуэсат цIыху 400-м щIигъу.

Пэкlур къызэIуихащ къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру КъБР-м щыIэм и къуэдзэ полицэм и полковник **Тату Къазбэч.**

- Махуэ къэс нэхъри тпэIэщIэ мэхъу Хэку зауэшхуэм епха гуэвэгъуэр. Ауэ зэманым хигъэгъуэщхьныкъым совет цIыхубэм зэрихьа лIыхъужьыгъэр, - жиIащ абы.

Тату Къазбэч ветеранэм ехъэхуащ я узыншагъэр быдэу, насыпыфIэу, мамыру псэуну. Абы жиIащ нэхъыжьхэм я щапхэр я гъуазэу иджы лажьэхэм я къалэныр зэрагъэзэщIэнур.

Полицэм и унафэщIым къыхилъхьэри, къызэхуэсахэр дакъикъэкIэ хуэщIыгуащ Хэку зауэшхуэм хэкIуадахэм.

Зауэм и илъэс гугъуэхэм, зауэ нэужь гъэщIэм теухуа гукъэкIыжкъэмкIэ къызэхуэсахэм ядэгуэшащ КъБР хэкуэда КIуэцI Iуэхухэмкlэ органхэмрэ къэрал кIуэцIыдзэмрэ я ветеранхэм и советым и тхьэмадэ **Думай Борис**.

Республикэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и унафэщI **Балъкъуз Валерэ** жиIащ Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм хэкIуэда мелуан 26-м я ешэплъыр псэухэм яхъумэн зэрыхуейр.

Зауэм и лIыхъужьхэм, хэкIуэдахэм, Хэкур зыхъумэу хэкIуэдахэм, нобэ мыпсэужхэм, а зэманым лэжьыгъэ хьэлъэр зи фэм дэкIахэм я фэеплъым пщIэ хуащIу къызэхуэсахэм шэху уэздыгъэхэр пагъанэри, «МафIэ мыужьыхь» фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ.

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

СыхьэтиплIым зауэр къэхъеят

Мы гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м илъэс 75-рэ ирикъуащ совет цIыху мелуан 27-м нэсым я псэ щата Хэку зауэшхуэр къызэрыхъейрэ. Налшык, «Щ1ыхьым и мафIэ мыужьыхь» фэеплъым деж, пщэдджыжьым сыхьэтиплIым щекIуэкIащ «Фэеплъ уэздыгъэ» урысейпсо Iуэхум щыщ пэкIу.

ЗАУЭМ хэкIуэдахэм я фэеплъым я щхьэр хуагъэщхьыну къекIуэлIащ цIыху куэд. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэхэр, жылагъуэ, дин лэжьакIуэхэр, хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм къикIахэр, зауэлIхэр, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм хэтхэр.

- Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм къабгъэдэкIыу фIыщIэ фхузощI Хэкум папщIэ зи псэ зытахэм я фэеплъыр вгъэлъапIэу фыкъызэрыкIуэм щхьэкIэ, - жиIащ Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщ1экIэ Зэщ1эуэздэ Къарухэм, хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм я ветеранхэм я Налшык къалэ советым и унафэщI Абдуллаев Мустафа. - 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м Германиер Совет Союзым щэхурыпхъуэу кьытеуат. Илэ ита илъэситIым фашистхэм лъэгущIэт зыхуащIат Европэм и къэрал 11-м, цIыху мелуан 300-м, промышленнэ Iуэхущ1апIэ мини 6-м щIигъу ятелажьэ хъуат. Ди къэралым къытеуа нэужьщ абыхэм зыкъыщащIожар.

Дэ дытекIуащ совет зауэлIхэм я лIыхъужьыгъэ нэсым и фIыгъэкIэ, абы уасэхуи щIэттын хуей хъуащ. Апхуэдэ хахуагъэ къагъэлъэгъуащ ди адэхэм, адэшхуэхэм, абыхэм я адэжэм. Ахэр дигу илъын хуейщ игъащIэкIэ. Иджы мамыру дызэрыпсэуным щхьэкIэ фIыщIэ яхуэтщIын къудейкъым, атIэ блэкIам дерс къыхэтхын, нэгъуэщI зауэ хъдмыгъэхъуным папщIэщ ахэр ди гум щIилъыпхъэр.

- Къэрал лъэщым зэрыщыщыр щIалэгъуалэм нэсу зыхащIэн, нэхъыжьхэм я пщIэр ялъытэн папщIэ, зауэм, ди адэшхуэхэмрэ абыхэм я адэжэмрэ я хахуагъэм теухуауэ дызыщыгъуазэу хъуар едгъэщIэн хуейщ ди бынхэм. Нобэ екIуэкI Iуэхум щIалэгъуалэр къызэрекIуэлIами гугъэ дегъащI ди япэ итахэр ящымыгъупщэну, ди Хэкум сытым дежи къыщхьэщыжьын иIэну, - жиIащ Налшык къалэ администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ Ульбашев Ислъам.

Пщ1эдджыжьым пшэплъ къыщищIым ирихьэлIэу щэху уэздыгъэхэр пагъэнащ. Удз гъэгъахэмрэ щэху уэздыгъэхэмрэ яIыгъыу пэкIум хэтхэр дакъикъэкIэ яхуэщыгъащ зауэм хэкIуэдахэм. Пэкlур яухащ «Журавли» уэрэдымкIэ.

Дэтщ Ислъэмей къуажэм фэеплъ

«Небесная Одиссея - во славу России» щIалэгъуалэ хэкупсэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Бегаком Александр Бахъсэн щIыналъэм къыщрагъэблэгъащ. Ислъамей къуажэм зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъым деж щрагъэкIуэкIа пэкIум хэтыну. Ар къызэIуихащ районым и администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ Ахъуэбэч Анзор.

- БАХЪСЭН щIыналъэм щыпсэухэр егъэпIейтей мы махуэм, сыту жыпIэмэ, Хэку зауэшхуэм районым щыщу цIыху мини кудым я псэр щатащи, - жиIащ абы.

КъБР-м и Правительствэм и жэрдэмкIэ екIуэкI Iуэхум УФ-м ЗыхъумэжьныгъэмкIэ и министерствэр, Хэкур яхъумэу зи псэ зытахэм я фэеплъыр хъумэнымкIэ УФ-м Зыхъумэжьныгъэмкlэ и министерствэм и Управленэр, УФ-м и Къару зэщIэуэздахэм дэлажьэ Управленэ Нэхъыщхьэр дэIэпыкъуэгъу зэрыхуэхъуам теухауэ къэпсэльащ Бегак Александр.

- Нобэрей пэкIур Ислъэмей къуажэм дэт фэеплъым деж зэрыщекIуэкIым щхьэусыгъуэ иIэщ. Хэку зауэшхуэм щыгъуэ мы щIыпIэм зэхуэуэ гуащIэхэр щыIащ, абдеж ди лъахэгъу куэдым я псэр щатащ, - жиIащ Бахъсэн щIыналъэм и ветеранхэм я советым и унафэщI Абазэ Анатолий.

Iуэхум хэтащ районымрэ къуажэмрэ я лэжьакIуэ гупхэр, школакIуэхэр. Пэкlум и кIэухым, зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ.

ЧЫЛАР Аринэ,
Бахъсэн щIыналъэм и администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

Нэгъуэщ1 къэралхэм къитшхэр зэхъуэк1ынымк1э дуI э Iэмалхэм зедгъэубгъук1эрэ дэ къызыдогъэпэщ республикэм и социально-экономик1э зыужыныгъэ зэп1эзэрытым и лъабжьэ быдэ

(К1эухыр. Пэщ1эдзэр 1- нэ нап.).

Щ1ынальэм и экономикэм и зыужыныгъэр яубзыху «2025 гъэ пщ1ондэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щ1ынальэм и социально-экономик1э зыужыныгъэм и стратегиер зэрыщытынум», «Экономик1э зыужыныгъэмрэ инновацэ экономикэмрэ» К1ЫР-м и к1эрал программэу 2014-2020 гъэхэм тещ1ыхьаи, апхуэдэу республикэм и щ1ынальэхэм планхэр зэрыщ1ухуэзакъэ схемэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм и зыужыныгъэм мыхьэнэшхэу дыдэ зиI э унэтIныгъэ нэхъыщхьэхэу щытщ туристрекреацэ комплекс1эр, ухуэныгъэм ирахьэл1э пкыгъуэхэмк1э промышленностыр, химие промышленностыр, агропромышленнэ комплекс1эр, электроэнергетикэр.

- Мы зэманым къаруушхуэ ивохьэл1э хьэрычэтыщ1э Iэнатlэрэ егъэфIэк1уэным. Абы и лъэныкъуэк1э сыт хуэдэ лэжьыгъэ евгъэк1уэк1рэ?

- Иджыпсту республикэм къыщыдэзрагъэпэщащ ик1и щ1олажьэ хьэрычэтыщ1э лэжьыгъэр дзIыгъынымк1э Iэнатlэхэу бизнес-инкубаторхэу 6, хьэрычэтыщ1э лэжьыгъэр дэIыгъынымк1э муниципальнэ фондхэу 13, К1ЫР-м и Щэсып1э фондыр социальнэ унэтIныгъэм инновацэхэр къыщыгъэсэбэпынымк1э центрыр.

Щ1ыхуэ къыIахьи и лъэныкъуэк1э хьэрычэтыщ1э мащ1эмрэ курытымрэ пэрытхэр дахьгъэ мурадк1э къэралыр шэсып1э зэриувэ щ1ык1эр нэхъри ирагъэфIэк1уэн папщIэ К1ЫР-м и Правительствэмрэ «Хьэрычэт лэжьыгъэ мащ1эмрэ курытымрэ зегъэужьынымк1э федеральнэ корпорацэмрэ» зэдзэлажьэным теухуауэ зэрращ1ылIа зэгурыIуэныгъэм Iэ традзащ.

Бизнесым Iаххэр ягъэмэщ1эн. Апхуэдэу «Гъэгу техьа» хьэрычэтыщ1э Iэмалымкlфlхэр къыхуэзрагъэпэщын, хьэрычэтыщ1э Iэнатlэм зратыным щ1ыхуэхр нэхъ жьыджэру трагъэгушхуэн мурадк1э зэхалъхьащ «К1ЫР-м и щ1ынальэм налог зэрыртралъхьэ хабзэ къыззэрыгъэкlрэ налог зэрыртралъхьэ патент хабзэмрэ къыщагъэсэбэпк1э щхьэзакъуэ хьэрычэтыщ1эхэм налогыу проект 0 хуэдиз яхуэгъэуныным и Iэхуэк1э» законым и проектыр. Налог зэрыртралъхьэ патент хабзэм теухуа щ1ыпIэ законым хагъэхьэ ну ягъэхьэзыр зэхъуэк1ынымк1эхэм а хабзэр къыщагъэсэбэп хьэрычэтыщ1э лэжьыгъэм и Iэнатlэхэм зрагъэуб1эгъу.

- Республикэмрэ муниципалитетхэмрэ сыт ялэжьэр фи щ1ыпIэм инвестицэ щытык1эр щегъэфIэк1уэн и лъэныкъуэк1э?

- Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщагъэсэбэп инвестицэ щытык1эр егъэфIэк1уэным хуэгъэза Iэмал пэрытхэр. 2015 гъэм дэ ди гулъытэр хуэгъэзауэ щ1ытащ инвестицэ лэжьыгъэр хабзэ и лъэныкъуэк1э зэрызэрагъэк1уэ щ1ык1эр егъэфIэк1уэным, къэралыр зэрадзэлэпкъу Iэмал-хэр нэхъ къыззрыгъэк1 щ1ыным, КЪР-м и Щэсып1э фондым и лэжьыгъэм ехыт фейдэм хэгъэхъуэным, апхуэдэу хабзэгъэув Iуэхуэр зэхэлъхьэным бизнес зэгухьэнымк1эр нэхъ жьыджэру зэхэлъхьэным. КЪР-м Инвестицэхэмрэ зыужыныгъэмк1э и агентствэм Iэ тридзащ финанс Iэнатlэ нэхъыщхьэхэм ядэлажьэным теухуауэ ярищ1ылIа зэгурыIуэныгъэм.

Властым и Гъэзэщ1ак1уэ органхэм Росреестрым и Iэнатlэхэм зэрызэхуагъаазэм хэгъэхъуэн, ягъэIэпхъуэ мыхъу мыл1ыкр кадастр учётым яз1эувыным тек1уадэ пIалъэхэр ягъэмэщ1эн, кадастр учётым гъэувынымк1э къэралIуэхутхьбзэхэу Интернетымк1э ящ1эхэм хагъэхъуэн хьэрычэтыщ1э лэжьыгъэ мащ1эмрэ курытымрэ пэрытхэу ипэIуэк1э къэралдэIэпык1ыныгъэ зрату щ1адзахэм я бжыгъэр ягъэбгъуэн мурадк1э лэжьэк1э нэхъыфIхэм я Iлъапкъ рейтинг хапщэным теухуауэ зэхалъхьа «гъэугу картэр» хагъэк1.

А псомк1 къадэк1уэу хьэрычэтыщ1э мащ1эмрэ курытымрэ зегъэужьынымк1 егъэщIылIа Iуэхуэхэм теухуауэ Къэралым Советым иригъэк1уэк1э зэIущIэм кърик1уэхэм япкъ ит к1э УФ-м и Президентым къигъэувэ къалэнхэм тещIыхьауэ муниципальнэ къызэрызэпэщынымгъэхэм я Атлас зэхалъхьащ. Ар хуэгъэзащ хьэрычэтыщ1э мащ1эмрэ курытымрэ зегъэужьынымк1э муниципальнэ къызэрызэпэщынымгъэхэм административнэ пIэ-ропщэхэпэхэр щ1ымыгъэIэным.

Абы къыхэк1ыу республикэм и муниципалитет псомиз 2016 гъэм зи гугъу тщ1ы Атласым хагъэхьащ я проект нэхъыфIхэу 10 нэхърэ мынэхъ мащ1э.

Зэфlэдгъэк1 Iуэхуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым Iэмал къариташ 2015 гъэм къарик1уахэм япкъ ит к1э Урысейм и щ1ынальэхэм я бжэ 37-нэ, КИФЩ1-м етIуанэ увыпIэр къэралым и субъектхэм инвестицэ щытык1эр зыщ1ыхуэдэмк1э Iьэпкъ рейтингым щ1ыбыдыну. Дэ дяпэк1и хэдгъэхъэнущ а унэтIныгъэм етхьэлIэ къарум.

- Нэгъуэщ1 къэралхэм къраш продукцэр зэхъуэк1ынымтеухуа проектхэу сыт хуэдэхэр щагъэзащ1эрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленнэ, мэкъумэш Iуэхуэщ1апIэхэм?

- КЪР-м щагъэзащ1э нэгъуэщ1 къэралхэм къраш продукцэхэр ди промышленнэ предприятхэм къыщ1агъэк1ынымтеухуа проектхэу 5, аргуэру 8-м яужь ихьэну я мурадщ. А унэтIныгъэ 13-м ящ1ыщу 6-р КИФЩ1-м и инвестицэ проект нэхъ псынщ1э дыдэу зэлэжьын хуейхэм ик1и нэхъ мыхьэнэшхэу зиIэхэм хагъэхьащ. Нэгъуэщ1 къэралхэм къраш продукцэхэр зэзэхъуэк1ынымтеухуа къыщ1эгъэк1ынымк1э планхэм хагъэхьауэ КЪР-м щащ1 хущ1ыхьу Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэр, рентген аппаратхэр, кабель кIапсэ л1эужьыгъуэхэр, налмэз Iэмэпсымэ, волыт лъагэ токыр зыгъэужьк1фIхэр, автомобилхэм я глушителхэр. Республикэм и дежк1э нэхъ мыхьэнэшхэу зиIэ-хэм ящ1ыщ Тырныауэ вольфрам-молибден къыщ1эшыпIэр и лъабжьэу инновацэ бгы-металлургие комплекс къызэгъэпэщынымк.

Федеральнэ, республикэ Iэнатlэхэр зэгъусэу йолэжь сплав быдэхэм къыхэщ1ык1а Iэмэпсымэ хьэзырхэр къыщ1эгъэк1ынымк. Урысейм Промышленностымрэ сатумк1э и министерствэмрэ «Ростех» къэрал компаниемрэ ягъэхьэзыращ вольфрам зыхэлъ сплав быдэ къыщ1эгъэк1ынымк1э комплекс къызэгъэпэщынымк теухуа проектыр. Абы Iуэхугъуиплl къызэщ1ебыдэ: вольфрам рудар къыщ1эхауэ гъэкъэбзэныр, вольфрамым и ангидрид гъэхьэзырныр сплав быдэхэр къыщ1эгъэк1ынымк, абыхэм кьахэщ1ык1а Iэмэпсымэ щ1ынымк. Комплексым хагъэхьэнущ КИФЩ1-м и Iуэхуэ1апIэхэу 4: Тырныауэ вольфрам-молибден къыщ1эк1ынымк и лъабжьэу бгы-щагъэбатэ Iуэхуэщ1апIэр «Гидрометаллургическ» ОАО-р зи лъабжьэ гидрометаллургиI Iуэхуэщ1апIэщ1эр, «Победит» ОАО-м Iэмэпсымэ хьэзыр щащ1 и Iэнатlэр, «Тэрчналмэс» АО-р, апхуэдэу УФ-м и нэгъуэщ1 Iуэхуэщ1апIэхэр.

Нэгъуэщ1 къэралхэм къраш продукцэм я пIэ ирагъэувэнухэр къыщ1эгъэк1ынымк теухуа инвестицэ проектхэр апхуэдэу щагъэзащ1э «Текстиль Индустрия» ОАО-м (щэк1ыу, дзрбзэр фабрикэхэм я продукцэхэу щэк1, дзрбзэр Iэнатlэхэм я кооперацэхэм хагъэхьэнухэр), «Къэббалъкъ щ1ыдагъэгъэ» ООО-м, (автомобилхэм газ щрагъахьэу станцхэр), «Севкавреттен-Д» ООО-м (медицинэ рентген Iэмэпсымэхэр), «Эрпак» ЗАО-м (пхъэм къыхэщ1ык1а полимер пкъыгъуэхэр), «Фарма Интернейшинал Компани Россия-СНГ» ООО-м (жьэн уз зэфык1хэмрэ зи щ1ыфэр шын хьуахэмрэ ирахьэлIэ хущ1хъуэхэр), «Полупроводник Iэмэпсымэхэм я Прохладнэ завод» ОАО-м (л1эужьыгъуэищу зэхэт шприцхэр).

Къэбэрдей-Балъкъэрым и агропромышленнэ комплексым нэгъуэщ1 къэралхэм къраш продукцэхэр зэхъуэк1ынымтеухуа инвестицэ проектхэу 18 щагъэзащ1э. Псори зэхэту инвестицэхэу сом мелард 40,2-рэ хальхьащ. А Iэнатlэхэм щолажьэ щ1ыхуэ мини 3-рэ 869-рэ. Абыхэм ящ1ыщу щ1эуэ я къызэрагъэпэщахэм - щ1ыхуэ мини 3-рэ 844-рэ. Мэкъумэшхэк1хуэ, Iэщ1эк1хуэ нэгъуэщ1 къэралхэм къраш1хэр республикэм зэрыщ1эзэрахъуэк1ынуэр зэхалъхьащ. Iыхьэ нэхъыбэр яхуозэ хадзэк1хэмрэ пхъэщ1ыхьэмыщ1хьэхэмрэ, нартыху жьымэ, джэдыльмрэ пхъэщ1ыхьэмыщ1хьэ-хадзэк1 консервэхэмрэ.

Зэфlагъэ1а проектхэм къахэбгъэщхьэхук1 хъунущ 2015 гъэм и бадзэуэгъуэм лэжьэн щ1эзыдза «Прохладнэ» ОАО-р. Ар зы илъэсым тонн мин 75-рэ хъуэу хадзэк1хэр къыщрахьэлIэ, щ1ахьумэ щагъэхьэзыр ик1и зыкуейхэм яхуозыытIыпщ иджырей комплекс зэгуэту Урысейм щ1ынэхь ин дыдэщ. «Велес Агро» ОАО-м лажьэу щагъ-тIыпщащ джэдыл тонн мини 3-м куууэ щелэжь Iэнатlэщ1э. «Агро-Союз» ООО-р голштин лъэпкъым щ1ыщ жэм лъэпкъыфI минитI щагъашхэ ик1и илъэс къэс гъэшу тонн мини 8-м нэх къыщаш иджырей Iэщ1ыхъуэ комплексщ. Ар яухак1эщ. «Компание щхьэантIэ» ОАО-м и консерв заводыщ1эм горох щхьэантIэ, нартыху Iэфl, джэш зэрылтэ щ1ыпIэм ящ1ыщ. «Велес Агро» ОАО-м Iусыпхъэ завод ихухащ тонн мин 50 и лъэщагъэ.

Мы зэманым Бахъсэн муниципальнэ районым («Къэбэрдей-Балъкъэр хладокомбинат» ООО) щ1ауэ зэзыуэ тонн мин 60 щ1ахьумэфыну пхьэщхьэмыщ1хьэ хъумапIэ. Тонн мин 25-рэ щ1ахьумэну щ1ыIэплъэхэр яухуак1эщ. Абы и лъэщагъ псомк1и лэжьэн щ1идзэнущ 2020 гъэм. Прохладнэ муниципальнэ районым зы илъэсым тонн мин 33,5-рэ и лъэщагъыу щ1ахуэу томат пIастэ щ1ащ1ыну консерв заводыр. «Бахъсэн Бройлер» ОАО-м Прохладнэ муниципальнэ районым щеухуэу зы илъэсым Iусыпхъэ зэхэлъхьэ тонн мини 160-рэ щагъэхьэзырыну Iэнатlэ. Ар 2015 - 2017 гъэхэм яухын хуейуэ щ1ытщ. Нартыху, бжьыхьэсэ гъэдз, бжьыхьэсэ рапс, горох, сэхуранжылэхэр щагъэхьэзырыну селекцэ-жылапхъэ центр еухуэ «Отбор» ООО-м. Абы зы илъэсым тонн мини 10 и лъэщагъынущ.

Инвестицэ политикэм гулъытэ хуэтщ1к1эрэ ик1и нэгъуэщ1 къэралхэм къытш продукцэхэр зэтхъуэк1ынк1э диI э Iэмалхэм зедгъэубгъук1эрэ дэ къызыдогъэпэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и и социально-экономик1э зыужыныгъэм и лъабжьэ быдэр.

Нэмысымрэ цIыхугъэ лъагэмрэ я гъащIэ дамыгъэт

● Жыжьэ - гъунэгъу

Сэрмакъ жылэжьым щыпсэуащ я щхьэк1э я пщIэк1и бэм я гум Iэфlу къинэжа цIыху тельыджэхэр. Апхуэдэхэм ящ1ыщ гъащIэ гъуэгушхуэ къззыкIуэ зэщхьэгъусэу Даурэ Мухьэмэдрэ Сэ1ибэтрэ.

АБЫХЭМ я щIалэгъуэ дахэр къэралым зиузэщIу щ1ыхуежьа 30 гъэхэм хиубыдат. Сэрмакъ щ1ыщ къыззрыгуэк1 мэкъумэщ1ыщIэ унагъуэхэм къыщалъхуа, щапIа ныбжьыщ1итIыр колхоз лэжьыгъэм щ1ипэрытт, я щIэфI жрагъэIэу Iэнатlэм щ1ыжьджэрт. Хозяйствэм и ехъулIэныгъэхэм я гуащIэ хьэпэл эзрыхъыым иригушхуэу, гъащIэщIэ яухуэрт. Апхуэдэурэ зогуак1уэри, 1936 гъэм псэгъу зэхуохъу, хьыджэбз ц1ык1уитIи зэдагъуэт. Колхозым зиужьырт, къуажэдэхэм зауэзащ1ыщIэ, я щIалэ, хьыджэбз жанхэм Союзпсо гъэльэгъуэныгъэхэм саугъэт льапIэхэмрэ дипломхэмрэ к1ыщ1ыхуагъэфащэрт. Ауэ насыпыфIэу зызыльытэзэ зэщхьэгъусэхэм дэнэ щащ1эн къэралымрэ щ1ыхубэмрэ зэхэгъэк1ыныгъэшхэу къазэрыплъэр ик1и абы и гугъуехь псори ягъэзвыну къазэрыпэщ1ылъыр!

Нэхэр гъащIэм и гъуджэу жаIэ. Мухьэмэдрэ Сэ1ибэтрэ я нэхэр кьабзэт, нэхут ик1и щIэнщэт. Я нэгу зэIухам, тхыпIым къищми ярейуэ, щ1ыхьэ1ншэу куэдрэ езыудэк1а я гъащIэ псор тэ1ншу кьибджьк1ыкIрт. Сыту жьыпIэмэ, абыхэм къызэранэк1ар ц1ыху къызэрыгуэк1ым хуэзфIэк1ам и тхыдэт.

Даур Мухьэмэд Iэбубэчыр и нуэр фин зауэм щашам илъэс щэщ1 хьурт. Фашист зэрыпхъуэк1уэхэр ди къэралым къыщ1теуам а мафIэ лыгъэм пхык1ауэ, зэрыжаIэу, гуныимэр зищ1ыкыр псэзэпыплъхьэпIэ зэхэуэ хьэлъэхэм къыщищ1ауэ абы кьулыкъым пищэрт. Хэкур хъумэжьм хуейти, совет зауэлI мелуанхэм хуэдэу, щхьэмыгъазэу бийм пэщIэтащ, гъэунэхуныгъэ Iэджэм я хъым кьик1ащ. Абыхэм я нэхъ гуащIэ дыдэхэм я гуащIэ хьэпэл зэрыхъыым иригушхуэу, гъащIэщIэ яухуэрт. Апхуэдэурэ зогуак1уэри, 1936 гъэм псэгъу зэхуохъу, хьыджэбз ц1ык1уитIи зэдагъуэт. Колхозым зиужьырт, кьуажэдэхэм зауэзащ1ыщIэ, я щIалэ, хьыджэбз жанхэм Союзпсо гъэльэгъуэныгъэхэм саугъэт льапIэхэмрэ дипломхэмрэ к1ыщ1ыхуагъэфащэрт. Ауэ насыпыфIэу зызыльытэзэ зэщхьэгъусэхэм дэнэ щащ1эн къэралымрэ щ1ыхубэмрэ зэхэгъэк1ыныгъэшхэу къазэрыпэщ1ылъыр!

- Зэкъым ик1и тIэукъым ажалым и нэгум дызэрипльар. Дэтхэнэ сыхьэтри махуэри ди дежк1э псэзэпылъхьэпIэт. Бийм и кьухъльатэхэр хьиймик1ауэ, гупышхуэу къытщ1хьащ1ыхьэрти, щ1ылъэр бомбэк1э иравык1ырт. Нэм кьиплъыхьыр мафIэ лыгъэт, Iугъуэмрэ гъуэзымрэ зэщ1ащтат, ул1эгъэзэмрэ ук1ыгъэхэмрэ куэдт. Пlалъэ к1эщ1к1э къэлэр яубыдыну траухуати, къаруущ1эхэр кърашалIэрт. Щ1ыху бжьыгъэк1и, Iэщ1э-фащэк1и, дзэ техникэк1и къызэрыдэфIэк1ым тригъэзгушхуауэ, лъэныкъуэ псомк1и ерыщу къ1щ1дзбгъэрык1уэрт. Фашист генералхэм Ленинград къэлэр я Iэрылъхьэу къалъытэжырт, ауэ нэхъыщхьэр къредзащ1и - къэрал совет ц1ыхубэм и зэкъэтынымгъэмрэ дапщащ1и къалъыкъэжк1 къаруу мык1уэщ1ыжымрэщ, - жиIэрейт нэхъыжьыфIым.

Даур Мухьэмэд уIэгъэ хьэлъэ щ1ыхъуаи, къелыну я гугъакъым. Ауэ, и насып к1ыхьри, ажалым къыIэщIэк1ащ. КъызэфIэувэжами, и къарум къызэрримыхьыжынум къыхэк1ыу, 1942 гъэм и бжьыхьэм дзэм къыхаг-ъэк1ыжащ. Къыщ1ыкIуэжым кърата тхыпIым мыпхуэдэу итт: «Уи псэм уемыблэжу фашистхэм ящ1эщIтащ, бий ерум хахуэу уеэзэращи, фIыщIэ пхудощI, бгъэззэжа нэужьи, Текlуэныгъэр къзгъэблагъэнымк уи гуащIэ зэрыхъэпIыхьэнум шэч кьы-тедмыхьэу гъуэгу махуэ бжьыдоIэ, ди зауэлI ныбжьэгъу!»

Даурри кьаззрыщыгугъауэ къыщ1эк1ащ: и къарум к1ыхьыу къэралым, зыщ1ыщ къуажэм хьэлэлу хуэлэжьащ, и цIэфI жриIагъэ1эу, губзыгъэу бэм яхэтащ.

Мухьэмэд цIыхуэ зэпIэзэрыпт, гуащIэшхуэ къызыпкърык1 лэжьакIуэ мэзэшт. Къыдекlуэк1ыхьэл-щэн дахэм бжьыфIэ щIэхуэкIырт. Апхуэдэуэ сэмакъдэхэм ягу къызэринэжар ильэси 103-к1э кьадзэгъэгурык1уа, фин зауэмрэ Хэку зауэшхуэмрэ жьыджру хэта, зи Iэужьыфlк1э пасэу бэм яхэIуа нэхъыжь Iумахуэр. Ар ик1и гурыIуэгъуэщ. Сыту жьыпIэмэ, фронтым щ1ыщIа илъэсхэм фIэкIа къэмынэу, абы и гъащIэр щрихьэкIари, щ1ылэжьари Бабыгуей жьилэжьырщ.

Зэпымыууэ ди псэм фригъусэщ -
Жэщи махуи фэ фыт1щ1ыгъу зэпытщ.
Гукъэк1ыжхэм дыхашэж зэпыту,
Фи ныбжь кьабзэр сакъыу
къытщхьэщ1ытщ.

Къэщ1ыхьэхук1э нэгум фи сурэтыр,
Фэ фи нитIк1э доплъыр мы дунейм.
Къетхьэ1ами дэри гъащIэ Iыхьэ,
Фи дерс Iущхэм дыхуагъэпс пщэдейм.

Жэщ мазэгъуэр, мес, мэбауэ щабэу,
Хуэсакъыпэу фи псэм, зеущэху.
Влэжьа псапэр минк1э игъэбагъуэу,
Фэ фи кхъащхьэр нуру егъэнэху.

Ди гум щ1ыщIэр зэхащ1ык1 нэхьейуэ,
Зэгуэр хэфса жыгхэр мэнэщхьей.
Тхуэгумащ1эу, гуауэр и Iумпейуэ,
Зэми мэхъур Балъкъэшхьэ хъущIэрей.

Лъабжьэ лъащ1ым и къуэпсыбэу вдзахэр,
Фэ фи щапхъэм нэхъ быдэж щIохъук1.
Фи нэмысым, фи хьэл-щэн дахащэм,
Бын уэзышэ нобэ щ1ыдопIык1.

Мы дунейм фыпсэурэ фытетыхукIэ,
Сэбэпынагъ куэд фи Iэгу щ1ак1ащ.
Зэвгъэджэфу тIуми цIыхухэр щ1ыхук1э,
Гъэзуанэшхуэ щ1ыльэм щ1ыздэфк1уащ.

IIэщ мы гъащIэм хабзэ жагъуэ:
Хэт япэ йощ, адрейр чэзущ.
Фытщхьэщ1ык1ами ди нэхъыжьхэр,
Псэ нэхук1э дэ дыззэгъунэгъущ.

ХьЭЖЬК1ЪАРЭ Алик.

* * *

Мы махуэхэм

Мэкъуауэгъуэм и 23, махуэку

♦Дунейпсо Олимп махуэщ. 1894 гъэм Париж щек1уэк1а конгрессым унафэ къыщащтащ Дунейпсо Олимп комитет къызэгъэпэщ1ыным теухуауэ, илъэсиплI къэс зэ Олимп джэгухэр ирагъэк1уэк1ыныр трауихуэжащ.

♦ООН-м къэрал къулыкъу щ1ыщIэным и дунейпсо махуэщ

♦Фызабэхэм я дунейпсо махуэщ

♦Къэзахъстаным и полицэм и махуэщ

♦Молдавием и къэрал щхьэхуитныгъэм и махуэщ. 1990 гъэм Молдавие ССР-м и Совет Нэхъыщхьэм къыщтащ республикэм и суверенитетым теухуа декларацэр.

♦Эстониемм щагъэлапIэ я Текlуэныгъэм и махуэр. 1919 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-м эстон армэм Вынну къалэм деж щ1ызэтрикъутащ Латвием и къалащхьэ Ригэ зыубыдауэ Эстонием къебгъэрык1уэ нэмыцэдзэр.

♦1860 гъэм США-м и щэхурылажэ Iэужущ1апIэр къызэрагъэпэщащ.

♦1868 гъэм зэрытхэ машинкэр къагупсысащ.

♦1930 гъэм Москва къыщ1эзрагъэпэщащ Урысейм щ1эныгъэхэмк1э и академиемм экономикэмк1э и институтыр.

♦1941 гъэм Къэсейхэбла щ1ыщ Тхъэмытl1окъуэ Хьэсэн К1ъухьэпIэ Украинэм и къэрал гъунапкъэр ихуэмэу, зауэм и етIуанэ махуэм лIыгъэ хэлъу и гъащIэр итащ: гранатэхэр щ1эпхауэ фашист танкым зыщ1идзэри, ар ик1ытащ, езыри хэк1уэдащ.

♦1944 гъэм советыдзэхэм щ1адзащ Белоруссием и щ1ынальэр фашистхэм къанэ щ1ымыIэу къаIэщ1эгъэк1ыжьынымк1э теухуа, «Багратион» зыфIаща ебгъэрык1уэныгъэм.

♦Урыс усак1уэ, зэдзэк1ак1уэ, литературэдж, Нобель и саугъэтыр хуэфащ1эу ягъэлъэгъуахэм ящ1ыщ **Ахматовэ (Горенкэ) Аннэ** къызэралъхурэ илъэси 127-рэ ирокъу.

♦Парт, къэрал лэжьак1уэ, хьэрычэтыщ1э, псапащ1э, КъШР-м гипс къыщ1ащIалъэк1ыу щ1ыIэ заводым и унафэщI **Аргун Олег** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦КЪР-м щ1ыхь зиIэ и артист, КЪР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **К1эмыргуей Валентин** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Урысей узэрэжьак1уэ, УФ-м щ1ыхь зиIэ и артист, Щэшэн Республикэм и щ1ыхубэ артист **Меладзе Валерий** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

♦Франджы футболист щ1эрыIуэ, Мадрид и «Реал» клубым и тренер нэхъыщхьэ **Зидан Зинедин** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

Дунейм и щытык1энур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытемк1э, Налшык пшэр техьэ-текIыу щ1ыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 28-рэ, жэщым градус 18 - 22-рэ щ1ыхьунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 24, мэрем

♦Текlуэныгъэм и Парадыр щек1уэк1а махуэщ 1945 гъэм Москва и Ут Плъыжьым ирик1уащ СССР-р Германием зэрытек1уам и щ1ыхьк1э къызэрагъэпэща парадыр.

♦1710 гъэм Царское Село жылэр къызэрагъэпэщащ. Иджы ар Санкт-Петербург ихьхэ Пушкин къалэрщ, дуней псом щ1ыщIэрIуэ музей-заповедник щ1ыIэщ1 абы.

♦1812 гъэм франджы император Наполеон Бонапарт и армэр, Неман псыр къызэпиупщIри, Урысей империем къызэрыгущ - 1812 гъэм ек1уэк1а Хэку зауэ фIэщыгъэр иIэу ди тхыдэм хьыха зэпэщIэтыныгъэшхуэм щIидзащ.

♦1930 гъэм уэгум ит кхъухьлъатэм зыпащ1энымк1э радарыр япэ дыдэу къагъэсэбэпащ.

♦1934 гъэм Киев Украинэм и къалащхьэ хъуащ. Абы и пэк1э а республикэм я щ1ыхьэру щытар Харьковт.

♦1937 гъэм Республикэм и Советхэм я зи мычэзу съездым къыщтащ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и япэ Конституцэр.

♦1941 гъэм къызэрагъэпэщащ Совет хьэбарегъащIэ бюрор. Аращ фронтым щек1уэк1эм ц1ыхубэр щ1ыгъэ1ущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и и социально-экономик1э зыужыныгъэм и лъабжьэ быдэр.

♦Дунейм и щытык1энур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытемк1э, Налшык пшэр техьэ-текIыу щ1ыщытынущ, пIалъэ-пIалъэк1эрэ уэущ, к1ыщ1ешхьынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 28-рэ, жэщым градус 18 - 22-рэ щ1ыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭК1ЭМЫХЪУ
Маринэщ.

ТIум зэдащIэр щэхущ, щым зэдащIэр нахуэщ.

Мылъкур яхъумэ

● КъБР-м и прокуратурэм

УФ-м и Президент Путин Владимир 2016 гъэм накъыгъэм и 1-м Iэ тридзащ фэтэр куэду зэхэт унэхэр, ямыгъэIэпхъуэ нэгъуэщ1 псоуальэхэр ияхуэным зи мылъку хэзылъхьэ щ1ыхуэхэм я хуитныгъэхэр хъумэным теухуа федеральнэ законым. Абы ипкъ ит к1э УФ-м и Уголовнэ кодексым щIагъ 200.3 статьям егъэуб апхуэдэ уху эныгъэм хэтынымк1э щыIэ хабзэр къыззэпауду щ1ыхуэм я хъумэным къызэрагъэсэбэпамк1э яхь жэуапыр зыхуэдэр.

УГОЛОВНЭ жэуапым Iэхур щ1ынэсыр къагъэсэбэпа мылъкур сом мелуаницым щIигъуа иужьщ. Апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьам тезыру трагъэлъэситым нэс лъэхъуэщым исыну.

А ахъшэр сом мелуанитхум щIигъумэ, къэунщам илъэситхум нэс трагъэлъхэ.

Арщхьэк1э хабзэм ебэкъуам уголовнэ жэуапыр щхьэщ1ыфынущ, абы къигъэсэбэпа ахъшэр кьанэ щ1ымыIэу ипшынжьмэ, фэтэр куэду зэхэт унэхэр ухуэныр и к1эм нэгъэсын папщIэ зызыеину Iэмалхэр зыгъэтмэ.

КъБР-м и прокуратурэм пресс-Iуэхущ1апIэ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

ТІэф Джырандыкъуэ и илъэсищэ

● Шапсыгъ

Тхьэмадэ Іумахуэм и деж еблэгъащ Абрэдж Хьэмидрэ КІэкІыхъу Мажидрэ.

Тенджыз ФыцІэ Іуфэ щыпсэу адыгэхэм - шапсыгъхэм - ящыщ ветеран, Псэушхуэ къуажэм къыщалъхуа ТІэф Джырандыкъуэ и ныбжьыр илъэсищэ зэрырикъур иджыблагъэ хуагъэлъэпІащ.

ДЖЫРАНДЫКЪУЭ ноби зауэлІ сатырым хэтым хуэдэщ - бжьыфІэщ, уардзу зиІыгъщ, сэлам щепхкІэ уи Іэр быдэу къекъуэ. Зауэшхуэу тІум хахуагъэ щигъэлъагъуэу хэта ТІэф Джырандыкъуэ фочышэм зыпыІуидзу и тхыр игъэшакъым, бийм щышынэуи зэи икІуэтакъым. Илъэс бжыгъэу кьигъэщІам и хьэлъагьми хуэгъэшакъым зауэлІым и бгыр: мыгъэрей гьатхэпэ мазэр абы и дежкІэ 100-щ, ауэ и щІэгъэкъуэн башыр Джырандыкъуэ къыщищтэр орденхэмрэ медалхэмрэ щІагьэна и фэиплъыкІуэр щыщІагьэ махуэшхуэхэм дежщ. КъыщІищтэри а баШыр хэмыту земыкІуэфынуракъым - и ныбжьым кьекІуу щытын щхьэкІэ аркъудейщ.

ТІэф Джырандыкъуэ и гьащІэр ди ерыскъыпсэм и тхыдэм мыхьэнэшхуэ иІэу къыщыхъуа ІуэхугъуэхэмкІэ кІыуПщытэж хъунущ; совет властыр къыщыунэхуар, СССР къэралыгъуэ щызэфІэувар, коллективизацэр, Карел фронтым деж белофиннхэм щезэуа лъэхъэнэр, Маннергейм и быдапІэр къыщащтар, Хэку зауэшхуэр, къэралым и кьару зэщІэуэздэкъэр гъэбыдэныр, нэгъуэщІхэри - и гьащІэм щышу илъэс 20-р полковник ТІэф Джырандыкъуэ дзэ къулыкъум тыхь хуищІащ. А зэманым кьриубыдэу абы куэди и нэгу щІэкІащ, куэди псэкІэ игъэващ. ТІэфым и офицер кителым «ихъумэ» щІыхь дамыгъэхэмрэ орденхэмрэ и щыхьэтщ шапсыгъ зауэлІым хахуагъэрэ лЫгъэу Хэку зауэшхуэм и зэманым игъэлъэгъуам.

Джырандыкъуэ илъэсищэ ирикъуами, есэжауэ игъэзащІэ пщэрыльхэр игъэмэщІакъым - ТІуапсэ къналэм, Адыгэ Республикэм и ТхъатэмыкъуеЙ районым щыІэ жылагъуэ зэгухэныгъэхэм щыпашащ зауэлІ цІэрыІуэр, къыдэкІуэтей щІэблэр хэкупсэу гъэсэнымь хуэзфІэкІ хелъхьэ. ЩІэх-щІэхыурэ Джырандыкъуэ мэкІуэж къыщалъхуа жылэжьым - и лъахэгъуэкр темыпльэу къыщыпэплъэ Псэушхуэ къуажэм. КІуэжыгъуэ къэси Іэмал имыІэу Хэку зауэшхуэм хэкІуэда и къуажэгъуэхэм я фэеплъым деж къыщоувыІэ. Джырандыкъуэ ахэр псори зырызыххэу ещІэж. ЗауэлІхэм эрахабзэу, фэеплъым деж и щхьэр ехьэхауэ дакъикъкІэ щыпщ, щІыхь эрахуищІыр къигъэльэгъуэу и Іэр и фуражкэм хуэхьри къыІуокІыж.

ТІэф Джырандыкъуэ ишэчыпкІэ Іэмал зимыІэр сыт жыпІэмэ, пцІы зыупсымрэ и псалъэ епцІыжымрэщ. Абы кьыхэкІыу ар ерыщу япэщІэтщ иужьрей лЫхъэнэм къэунэхуауэ къэралым, Хэку зауэшхуэм, цІыхубэм я тхыдэр зэблэщІауэ зыкъэзыгъэльагъуэхэм. Илъэс зыбжанэ ипэ «Шапсугия» газетым тетащ ТІэф Джырандыкъуэ «Тхыдэтх нэпцІхэр гъэкІуэдым хуейщ, ахъшэ нэпцІ зыщІкъэм хуэдэу» зыфІещІа и тхыгъэр. Тхыгъэм куэд къыпэжьхэкъащ ветераным зи гугъу ищІ Іуэхугъуэхэр цІыхухэм гунэс ящыкъуати. УзыфІэмэкІыжьым щапхъэхэмрэ пжыр къэхъуа Іуэхугъуэхэмрэ и тегъэщІапІэу, Іупщу икІи гурыІуэгъуэу ТІэфым и тхыгъэм щыжиІащ адыгэхэм я тхыдэр зэблэщауэ къратхыкІыжыныр зыми зэрыхуамыдэнур, иджырей политикэм и «жьыбгъэм» зыдагъэшу, Краснодар крайм щыпсэу пасэрей лъэпкъым и тхыдэр дагъэхуэхьнкІэ Іэмал зэримыІэр.

Джырандыкъуэ нобэр кьыздэсым куэдрэ мэлажьэ - пасэу хьэл хуэхъащ ар. И ныбжьыр илъэсищэ щрикъу махуэр (езы жьыщхьэ махуэм гушыІэу зэрыжиІэм ещхьу, «апхуэдэ махуэ илъэсищэм зэ къэхъуу аращ») Джырандыкъуэ тІэунейрэ игъэлъэпІащ: ТІуапсэ къалэмрэ Псэушхуэ къуажэмрэ. Я хэкуэгъу цІэрыІуэм ехъуэхъуныр щыхьыщхуэу яІыгтащ Краснодар крайм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгэ Республикэм я цІыху щэ бжыгъэхэм. Абыхэм яхэтт - шапсыгъхэм я Адыгэ Хасэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, къалэ, къуажэ администрацэхэм, жылагъуэ, ветеран зэгухэныгъэхэм я лЫкІуэхэр, езым дзэ къулыкъу къыдэзыщІахэр, ныбжьэгъухэр, лъахэгъуэхэр, ТІэфхэ я лъэпкъым щыщІэхэр, нэгъуэщІхэри.

АдыгэлІ жьыщхьэ махуэм хъуэхъу тхыгъэкІэ зыхуагъэзащ ТІуапсэ район администрацэм и Іэтащхьэ Лыбанев Владимиррэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ. КъищынэмыщІауэ, ТІэф Джырандыкъуэ къыхуагъэфэщащ ДАХ-м и Дыщэ медалыр. Дамыгъэ лъапІэр нэхъыжьыфІым езытыжар Налшык къалэ щыщ жылагъуэ лэжьакІуэ Абрэдж Хьэмидщ.

МахуэшхуэмкІэ дадэ Іумахуэм ехъуэхъуащ и къуажэгъухэри. Псэушхуэ щыкІуэ къуажэм щыщ щІыгу хэтт жьыщІэхэмрэ школакІуэхэмрэ я гъэхъэзыра концертымкІэ илъэсищэ ирикъу дадэри абы кьехьэхъуну къэкІуа хьэщІэхэри я гъэгугъфІащ.

НЫБЭ Анзор.

● Фэеплъхэр

Щхьэж езым и пэж иІэжщ

Санкт-Петербург къалэм и Захарьевскэ уэрамым тет Дзэ академием и унэ гупэм иджыблагъэ кІэралъхьащ фин фельдмаршал Маннергейм Карл и фэеплъ пхъэбгъу. ЗэІущІэм хэтащ УФ-м и Президентым и Администрацэм и Іэтащхьэ Иванов Сергей.

МАННЕРГЕЙМ Карл Урысей тхыдэм кьыхэнащ еплъыкІэ зэпэщІэуэхэр къэзыгъэщІа цІыху къыІэрымыкІуэу. Фин лъэпкъым кьыхэкІа урыс генерал, щууей икІи ІатІэ зэуэ хахуэ, монархием и телъхьэ Маннергейм и гьащІэм зэуэ зиублэрэкІащ 1917 гъэм къэхъуа революцэ нэужьым.

Революцэми абы кьыкІэлъыкІуа граждан зауэми къэралыр лъэныкъуитІ иращІыкІат: иныкъуэкэр большевикхэм ягухьащ, адрейхэм ядакъым. Большевикхэм я тепщэныгъэр зымыдахэм ящыщ куэдым «советхэм» хуаІэ лъагъэмыкъуныгъэр псэуху яхъумащ, ауэ язныкъуэхэми 1920-1940 гъэхэмкІ къриубыдэу я еплъыкІэкэр яхъуэжьыфащ. Зыкъомми я гъащІэр тыхь хуащІащ пащтыхьигъуэм и кІуэтахуэхэм кьыщыунэхуа къэралыщІэхэр ухуэныр. Яужьрейхэм ящыщт Маннергейм Карл.

Ар зэращІыхьжьыр езым и цІэр зыфІаща быдапІэ цІэрыІуэм иращІэкІа зауэм и закъуэкъым, атІэ политик жыжьаплъэу зэрыщытари куэдым ящІэж. Гитлер пэщІэувэри, 1944 гъэм Маннергейм Финляндиер хигъэкІащ СССР-м зауэкІэ кьыпэщІэт къэралхэм, а гъэ дыдэм и шыщхьэуІу маздм Финляндиием и президент хуэм, 1946 гъэ пщІондри тетащ.

Фэеплъ пхъэбгъур къыщыдзэІуах пэкІым кьыщыщыпсалъэм, Иванов Сергей жиІащ 1917 гъэм иужькІэ къекІуэкІахэм хуаІэ еплъыкІэхэм зэкъуачауэ къэгъуэгурыкІуэ урысей жылагъуэм зэзышІэлІэж Іэмалу мы Іуэхугъуэр къызэрылъытапхъэр.

«ЗэрыжаІэу, уэрэдым и псалъэхэр пхуэдэныкъым, - кьыхихгъэщащ Ивановым. - 1918 гъэ пщІондэ Маннергейм Карл Урысейм къулыкъ щищІащ. И щхьэр течауэ жьпІэнумэ, ар Урысейм зэрыщыпсэуамрэ къулыкъ зэрыхуищІамрэ нэхъыбэщ, Финляндиием зэрыщыпсэуамрэ къулыкъу зэрыщыщІамрэ нэхъ?».

ПэкІум кьрихьэлІахэм Иванов Сергей ягу къигъэкІыжащ генерал Маннергейм Урысей дзэм ильэс 31-кІэ зэрыхэтар, Урыс-Япон зауэм Іуту тІэунейрэ уІэгъэ зэрыхъуар, къэралым и дамыгъэ лъапІэхэр мызэ-мытІэу зэрыхуагъэфэщар, 1906-1908 гъэхэм шууэ Китайм зэрыкІуар икІи а ГуэгуанЭм тету зауэ хуэІухуэщІэхэмкІэ уасэншэ къэхутэныгъэ куэд зэрищІар. А зекІуэм иужькІэ Петербург къигъэзэжри, Карл дзэ къулыкъум пищэжащ, ЯпэІ дунейпсо зауэм и кІыхьаГьКІэ хэтащ, Брусиловскэ зэхэуэм хьажьэу зыкъыщигъэлъэгъуащ. Ауэ граждан зауэр щекІуэкІым къэралым къыщыхъуа политикэ ерплъыкІэ зэпэщІэуэхэм, ІэщэкІэ щІэгъэбыдыхьа идеологие зэпэщІэувэныгъэ гуащІэхэм кьыхэкІыу щІыкъ акъылыфІэ, жьыджэр мин бжыгъэхэм щхьэхуимыту лъахэр ябгынэн хуей хуащ, я зэфІэкІымкІэ Хэкум щхьэпэну Іэмал ямыгъуэтыжу.

«Дэ дыхуейкъым Маннергейм Финляндиием къыщигъэщІа гьащІэ Іыхьэр зыхуэдамрэ я зэманым кьриубыдэу абы ищІамрэ я гугъу тщІыну, ди мурадкъым а напэкІуэцІхэр тхыдэм кьыхэддзынуи. Къэхъуа псори и щыхьэт наІуэщ етІанэгъэ илъэсищэ ирикъу Октябрь революцэм куэдым я гъащІэр къызэригъэуБлэрэкІам. Ауэ абы къыдэкІуэри зыщыдгъэгъупщэ хьунукъым генерал Маннергейм Урысейм и щІыхьыр ихьэмэу дзэм щрихьэкІа къулыкъум пщІэ зэрыхуэтщІыпхъэр, - жиІащ Иванов Сергей. - 1918 гъэм и мазае мазэм совет правительствэм абы пенсэ хуигъэуват, сом 3761-рэ хьууэ. А зэманым зекІуэу щыта ахъшэм тепщІыхьмэ, ар мащІэтэкъым. Аращи, и пэжыпІэкІэ, генерал Маннергейм совет зауэлІ пенсионеру щытащ».

Фэеплъ пхъэбгъур къыщыдзэІуахым пэкІум къыщыпсэльахэм я ятащ УФ-м щэнхабзэмкІэ и министр Мединский Владимир. «Дэ хьэкъуу ди фІэщ мэхъу ГуагъэрадЭ зауэм захуи къуанши зэрыхэмытар, - жиІащ абы. - Щхьэж езым и пэжыр иІэжти, ар зэрихъумэным хущІэкъурт, и Хэкум и ныбжьэнур нэхьыфІ, нэхъ дахэ зэрыхъунум и акъыл кьызэриубыдкІэ щІэбэнырт».

Маннергейм и фэеплъыр хъумэн хуэмеИуэ къэзыльытэхэм яхуэгъэзауэ Мединскэм кьыхигъэщащ: «Сталин Иосиф нэхъри нэхъ хэкупсэр нэхъ коммунисту зыкъэбгъэльэгъуэну ущІыхущІэкъун щыІэкъым. ЗауэкІэ кьыпэщІэтами, и хахуагъэм пщІэ хуищІырти, Сталиныр Маннергейм кьыщхьэщыжащ, генералыр Финляндием и президент хъуну щыхуежьам, а кьулыкъур ирихьэкІыныжкІи мызэмытІэу дЭІэпыкъуэгъу хуэхъуащ».

ПэкІу нэужьым Иванов Сергей къиплъыхьащ Санкт-Петербург къэрал институтым менеджментымкІэ и школ нэхъыщхьэу езыр зи попечительскэ советым и унафэщІыр. КъызэрыгэкІ уэрэшрым хэту ар студентхэм ядэгущащ иджырей дунейм пашэныгъэ УщІэнымэ теухуауэ иІэ гупсысэхэмкІэ. «ЦІыхур пашэу къалъхуркъым, апхуэдэу иужькІэ хъууэ аращ, - жиІащ Ивановым. - Сыт хуэдэ Іэнатіэ иумыльэкІми, пщэрылъ къыщащІыр (ар цІыкІуми инми емылытауэ) щІыхь пылъу зэфІэбгъэкІыфын хуейщ. Къалэн зыщыпщІыжжэр жьжьаплъэрэ купщІафІэу, ауэ пхуэзфІэкІыну укъигъэгугъуэ щытыпхъэщ».

ПЕТРОВ Виталий,
«Российская газета»

● Жэрдэм

ЛэжьапІэншэхэм я бжыгъэм хохъуэ

ЦІыхубэ хозяйствэмрэ къэрал къулыкъумкІэ Урысей академием иригъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэльэгъуамкІэ, кризисым кьыхэкІыу ди къэралым лэжьапІэншагъэм зыщегубгъу.

ІЭНАТІЭ зимыІэ цІыхухэм лэжьыгъэ къэпльыхьэным тращэкІуадэ зэманыр нэхъыбэ хъуащ, къэзыльытэхэм я бжыгъэр зэрыхэхъуам (процент 30-м ноблагъэ) и гугъу умыщІыххи. Махуэ ныкъуэ фІэкІа мылажьэхэм я бжыгъэри хохъуэ, ауэ абы лЫабжьэ хуэхъур лэжьапІэр зи ІэмышІэ илъэнафэщым и жэрдэмщ.

Дызэрыт илъэсым и ятэ мазищым махуэ ныкъуэкІэ лажьэ цІыхухэм я бжыгъэр мелуан 1,2-м нэсащ, нэгъабэ и апхуэдэ пІалъэм ирихьэлІэу щыІа цІыху мелуан 1,1-м еЛытатуэ.

Апхуэдэу щыт пэтми, лэжьапІэншагъэм зиІэтыщащэ къэпльытэ зыунукъым: мэлижьыкъ мазэм ар процентн 5,9-рэ хьууэ ирихьэлІамэ, нэгъабэ лъандэрэ абы хэхъуар процент 0,1-щ. Нэгъабэрей мардэхэм къызэрыщыхьэщыкІышхуэ щыІэжьым Іэнатіэ зиІэхэм я бжыгъэри улахуэм и инагъри.

Я5ныкъуэ экспертхэм къызэралъытэмкІэ, Іуэхур здэщыІэр демографием пыщІа гугъусыгъуэрщ. КІуэ пэтми Урысейм нэхъ мащІэ щохъуэ лэжьэфыну ныбжьым ит цІыхухэм я бжыгъэр, къыщынэмыщІауэ, лэжьапІэ Іэнатіэр зейхэр я деж щылэжьэну цІыхухэм щхьэкІэ зоныкъуэкъу. Аращ къызыхэкІыр лэжьапІэншэхэм я бжыгъэр хэпщІыкІыу зэрыхэмыхъуэр.

КАРНЫШ Дмитрий.

● Хэхыныгъэхэр

Рим бзылъхугъэм и унафэм щІоувэ



Италием и къалащхьэ Рим и унафэщІу иджы япэу бзылъхугъэ хахащ. ДяпэкІэ ар и нэІэ щІэтынущ зи ныбжьыр илъэс 37-м ит. «Вагъуитху» оппозицІэ зэгухэныгъэм хэт Раджи Вирджиние.

І Э І ЭТЫМ кърикІуахэр кьыщапщытэжьым, бзылъхугъэ-политикым щхьэкІэ хэхакІуэхэм я процент 67-м щІиГъум Іэ яІэтауэ кьыщІэкІащ.

Иджыри кьэс Рим и унафэщІу щыта Марино Иньяцио нэгъабэ и жэпэгъуэ мазэм трагъэкІат, бюджет ахъшэм зэрыхэІэбам кьыхэкІыу. Абы щыгъуэм ар ягъэкъуэншащ муниципалитетым и кредит картэр езым и щхьэ Іуэху щхьэкІэ кьыщзэриГъэсэбэпамкІэ.

Раджи Вирджиние адвокатщ. Ар щІохьуэпс Италием и къалащхьэр иригъэфІэкІуэну. Псом япэу гулытэ зыхуэщІыпхъэу кьилытэр жылагъуэ транспортым и зекІуэкІэрщ, светофорхэр гьэувынырщ, автобусыр зрикІуэ гъуэгуэхэр кьыхэгъащхьэкІыныр, Лондонрэ Парижрэ ещхьу лъахэрыгъэжьар нэхъыбэу къаГьэсэбэпын хуейуэ кьелъытэ абы.

КЪЭБАРТ Мирэ.

«Артек» зыгъэпсэхупІэр илъэс 91-рэ ирокъу

● Махуэшхуэхэр

Мэкъуауэгъуэм и 16-м илъэс 91-рэ ирикъуащ дунейм щыцІэрыІуэ «Артек» сабий зыгъэпсэхупІэр - ныбжьыщІэ псоми я пльапІэу, нэхъыфІ дыдэхэм фІэкІа яльымысу щытар.

«АРТЕК»-м и япэ зэблэкІыгъуэр (семинэр) кьыщызэІуаха 1925 гъэм мыбы къэкІуа сабий 80-р шэтыр унэхэм щІагъэтІысхьат, ауэ илъэситІ фІэкІа дэмыкІыу лагерым пхъэм кьызэщыкІа унэ цІыкІухэр иращІыкащ.

ЗэблэкІыгъуэ нэхъ кІыхь дыдэу сабий зыгъэпсэхупІэм и тхыдэм кьыхэщыжьыр Хэку зауэшхуэм и пЛъэкІ. Хиубыдэри ильэсищкІэ екІуэкІащ. Зауэр щищІидза махуэм лагерыр Белокурихэ къуажэ щыкІым (Алтай край) ягъэІэпхъуэри сабийуи балигъыуи абы щыІахэр «Артек»-м и хабзэхэм тету псэуащ: зауэ Іэнатіэм Іутхэм я унагъуэхэм, уІэгъэ хъуа сэлэтхэм дэІэпыкъурт, гьущІыкІэжьхэр зэхуахьэсурэ танк щащІ заводхэм ирагъашэрт.

«Артек» лагерым зыщыщызыгъэпсэку ныбжьыщІэхэм хьэщІэ щІэрыІуэхэр къахуэкІуэрейт. Абыхэм яхэтт хамэ къэрал щыщ сабийхэри, къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм я лЫщхьэхэри. Мызэ-мытІэу цІыкІухэм къаХуеблагъэрт япэ космонавт Гагарин Юрий. Америкэм нэс къикІыу совет сабийхэм я деж хъыджэбз хьэщІэ цІыкІу Смит Самантэ къэзэрыкІуэ, США-мрэ СССР-мрэ яку зауэ щыдэмыхъуэным щІэпльэІуу абы Андроповым тхыгъэкІэ зэрызэгъэхуигъэзар яГьащІагъэрт. Илъэс 13 фІэкІа мыхъуауэ Самантэ гуузу дунейм щехыжьым, «Артек»-м и плІанэпэхэм ящыщ зым абы и фэеплъу жыг сатырхэр щыхасат.

Иджыри кьызэдэсым лагерым щыхабзэщ зыщызыгъэпсэку сабийхэм «Артек»-м и дамыгъэр къызытещ. Фащэ зэщхькІэ заХуэпэнчи. Иджыпсту яІэщІахуж хуэдэу хуэмари, хабзэхэм ящыщт абдж птулъкІэм щыгъэпщкІуа тхыгъэкІэ къэкІуэну льэхъэнэхэм щыпсэуну щІэбдлэхэм захуэгъэзэныр. Мамырыгъэмрэ зэныбжьэгъуГэмрэ теухуауэ пионерхэм ятхыурэ тенджыз ФЫцІэм хадза апхуэдэ тхыгъэхэр зэрылъ птулькІэхэр нобэми кьыщагъэтых дунейпсо тенджызым и «къуэладжэхэм».

ЗэрыщІэ илъэс 91-м кьриубыдау «Артек» дунейпсо сабий зыгъэпсэхупІэм и хабзэхэр, і бжэхэри хэт щхьэкІи зэІухуа.

ГЪУКІАКЪУЭ Инал.

● Жылагъуэ Іуэху

Гулъытэ хуащІ

Владимир областым щыІэ Ковров къалэм сабий зыгъэпсэхупІэ къыщыІэзІуахащ. Ар абы хуэдэ адрейхэм сыткІэ къыщхьэщыкІрэ жыпІэмэ, урысей сабийхэм я гъусэу абы зыщагъэпсэхунущ Украинэмрэ Сириемрэ щекІуэкІ зауэхэм хэта ди сэлэтхэм я бынхэм.

ЕДЖАПІЭ центрым хэту къызэІуаха зыгъэпсэхупІэм и япэ зэблэкІыгъуэр екІуэкІынущ мэкъуаугъуэм и 25 пщІондэ. А зэманым къриубыдэу абы зыщагъэпсэхунущ, я узынщагъэри щрагъэфІэкІуэнущ Курыт, Приволжскэ федеральнэ щыналъэхэм, Владимир областым и район псоми, щыщынэмыщІауэ, Сириием щекІуэкІ зауэм хэкІуэда ди зауэлІхэм я бынхэмрэ Донецкрэ Луганскрэ щыщ сабийхэмрэ - псори зэхэту ныбжьыщІэ 550-м.

Илъэси 10-14-м ит цІыкІухэм Іэмал яІэщ дзэзыхьэх спорт джэгукІэхэм хэтыну, ІэпщІэлъапщІагъэ зэмылІэужьыгъуэхэм зыхуагъэсэну, нэхъыщыхьэращи, я узынщагъэр ящысхынущ дохутырхэм я нэІэ кьатету.

ЗыгъэпсэхупІэр къызэІуахыным хэлЫфыхьащ Владимир областым и администрацэм и Іэтащхьэмрэ ветеранхэм я зэгуэхьынгъэ щыІэнымэм щыІэмрэ.

БЕЛЕНЬКИЙ Яков.

● Фщіэуэ пІэрэ?

Ахъшэщ Іэхэм зи сурэт тетыну къалэхэр къыхах

УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхугъэмкіэ и министерствэм и сайтым мэкъуауэгъуэм и 21-м щыублащ сом 200-рэ 2000-рэ хъууэ къыдэкІыну тхьилъымпІэ ахъшэщІэхэм Гроэнэ, Дербент къалэхэм я сурэтхэр тетыныр зыфІэкъэбылхэм я Іэ Іэтыр.

ДЕРБЕНТ къалэр ильэс 2000, Гроэнэ къалэр ильэс 200 зэрырикъур гъэльэпІэным епха Іуэхугъуэхэр кьызэгъэпэщыныжкІэ комитетым жэуап зыхь и секретарь, Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхуэмкіэ УФ-м и министрым и япэ къуэдзэ Байсултанов Одес кьызэрыхигъащамкІэ, мы къалэхэм я сурэтхэр Урысей ахъшэхэм тетыныр яхуэфащэщ, сыту жыпІэмэ, Гроэнэ къалэр ди къэралым зиужьынымрэ ехъэщІэрэщІэжьынымрэ и нэщэнэ хъуащ, Дербентщи - ар Кавказ Ищхъэрэм и къалэ пасэрей дыдэхэм ящыщщ, тхыдэм и лІэщІыгъуэ зыбжанэ кьикІащ, щІыбым дэт музейм хуагъадэ. Дербент дэт Нарын-къалэ быдапІэр хабжащ дунейпсо щэнхабзэм и щІэину ЮНЕСКО-м ихъумэжэм.

УФ-м и Президентым кьищта унафэм ипкъ иткІэ, Гроэнэ къалэм и ильэс 200-р 2018 гъэм ягъэлъэпІэнущ, апщІондэхукІи екІуэкІынущ Дербент ильэс 2000 зэрырикъум иращІэкІ гуфІэгъуэ Іуэхугъуэхэр.

«Апхуэдэ махуэ лъапІэхэм ирихьэлІэу мы къалэхэм я сурэтхэр зытет тхьилъымпІэ ахъшэщІэхэр кьыдэкІыныр кьезэгъэт икІи игуэ дыдэт», - жеІэ Байсултанов Одес.

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, мы гъэм и мэлыжьыхь мазэм УФ-м и Банк Нэхъыщхьэм и унафэщІ Набиуллинэ Эльвирэ жиІащ 2018 гъэм сом 200-рэ сом 2000-рэ хъу ахъшэщІэхэр кьыдагъэкІыну зэрамурадыр. ТхьилъымпІэ ахъшэм и теплъэу щытынур кьыхахынущ щІыхубэм нэхъ гунэс ящыхъум елъытауэ.

Сом 2000 хъу купюрэм зи сурэт тетынкІэ хъуну къалэхэм я бжыгъэм Дербентыр хагъахьэныр кьыхэзыльхьар Дагъыстэн Республикэм и Іэтащхьэ Абдулатипов Рэмэзанщ. Абы иужькІэ «Избирательная компания» PR-агентствэм утыку кьрихьащ Нарын-къалэ быдапІэмрэ «Анэр мэщІыгъуэ» фэеплъымрэ я сурэтхэр ящыщІыгъэльэгъуа проектхэр.

Гроэнэ къалэм и Іэтащхьэ Хучиев Муслым кьызэрилъытэмкІэ, сом 200 хъу тхьилъымпІэ ахъшэм тетыну хуэфащэт Урысейм щынэхъ ин дыдэ муслъымэн тхьэльэпІэм - «Шэшэным игу» зыфІащауэ Кадыров Ахьмэт-Хьэжы и цІэр зезыхьэ мэжджытым.

Къыхэгъэщыпхъэщ КИФЩІ-м и хэгъуэгурэм къыхалъхьа жэрдэмыр зэрыдиІыгъыр.

УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм и сайтым къитхащ.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар НЫБЭЖЬ Таисэщ.

● Бельгие

Лейсэ псыр Шельдэ щыхэлъэдэжьым деж щытщ Бельгием и къалэ нэхъ телъыджэ дыдэхэм ящыщ Гент. А къхъуть тедзапІэр IX лІэщІыгъуэм Фландрием и япэ граф Бодуэн Езанэм, «ГъущІыкІэкІэ» зэджэм иухуауэ щытащ и щЫналъэр викингхэм ящихъумэн мурадкІэ. Абы къандэрэ къалэр гъэунэхуныгъэ хьэлъэ куэдым хэтащ, арщхьэкІэ, зэрыфІъагъэщи, дахащэу къызэтенащ.

Полковник Мэрэкъуо Мухьэмэд

ФIы зыщIэнур щхьэусыгъуэ лъыхъуэркъым

● Гъэлъэгъуэныгъэ

КъБР-м и Лъэпкъ музейм сурэтыщI ныбжьыщIэхэм я Iэдакъэщ1экIхэр щIэзэхуэхьэса «Дыгъафlэ махуэ» псапащIэ гъэлъэгъуэныгъэ къыщыдзэIуахащ.

СУРЭТ хэдыкIахэр, живопись, графикэ, гуащэ зэмыщхьхэр, пхъэм кьыхабзыкIа хьэпшыпхэр, унэлъащIхэр, цым кьыхэщIыкIауэ тхыпхэщIыпхьэкIэ гъэщIэрэщIа алэрыбгъуэр, щыгъэкIэ бла тхьэгъуэхэмрэ Iэпщэхьуэхэмрэ, нэгъуэщI дахагъэ куэдми ущрихьэлIэрт пэшым. Мы гъэлъэгъуэныгъэм уи нэм кьыщыфIэнэхэр кьыщыпщэху хьунут. Музейм и лэжьакIуэхэм къызэрыхагъэщамкIэ, абы кьыхэкI ахьшэр адз-анэм я нэIэ щIэмыту кьэна сабийхэм щакIэлъыплъу Налшык дэт Сабий унэм иратынущ.

Лъэпкъ музейм и хъумакIуэ нэхъыщхьэ **Топаловэ Иринэ** зэIущIэр кьыщыдзэIуихьм выставкэм хэт ныбжьыщIэхэм фIыщIэ псалъэкIэ захуигъэзащ.

- Адэ-анэм я нэIэ щIымыту кьэна сабийхэм защIэдгъэкъуэну Iэмалыфl дызэриIэм кьищынэмыщIауэ, сурэтыщI ныбжьыщIэхэри кьащIыхуну, дяпэкIи мы Iэхур кьахуэщхьэпэжыну сыщогугъ, - жиIащ Топаловэм.

КъБР-м щыIэ УФСИН-м и унафэщI **Мэрэкъуо Мухьэмэд** Iэхур жэрдэм зыщIакъэмрэ ар дзэзыIыгъахэмрэ фIыщIэ яхуищIри, зэхэщIыкI, гущIэгъу зиIэ ныбжьыщIэхэм я кьэкIуэнур дахэ хъуну екъуэхъуащ.

- Ябзныкъуэ сурэтыщIхэм я лэжьыгъэхэр япэу утыку ирахьэуращи, мы Iэхур дахэмкIэ лъапэ махуэ текьэну сохъуэхъу. Сыщогугъ абыхэм ящыщ куэдым я цIэр сурэтыщI инхэм ябгъурытыну, - жиIащ музейм и кьудамэм и унафэщI **Кьантемыр Ларисэ**.

Сабий унэм и дохутыр нэхъыщхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Къэрмокъуэ Маритэ** зэIущIэм кьрихьэлIахэмрэ, абы зи лэжьыгъэ хэт ныбжьыщIэхэмрэ фIыщIэ псалъэкIэ захуигъэзэри, выставкэм кьекIуэлIахэм ящыщ я Сабий унэм щIэх-щIэхьурэ зэрекIуалIэр кьэхихгъэщащ. Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм зеиншэу, адэ-анэм я нэIэ щIэмыту кьэнахэм лейуэ дащIэгупсысыпхьэу кьыдзэрилъытэри дыщIигъужащ. Къэрмокъуэм зэрыжиIамкIэ, цIыкIухэм ахъшэкIэ кьищынэмыщIа, гулъытэкIэ я махуэшхуэхэр яхуэбгъэлъапIэуи уадэIэпыкъуфынущ. ФIы зыщIэнур щхьэусыгъуэ лъыхъуэркъым.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Лъэпощхьэпо нэхъыщхьэр зэпхыжар

● Баскетбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым СпортымкIэ и министерствэм щекIуэкIащ ди республикэм БаскетболымкIэ федерацэм и отчёт-хэхьныгъэ конференц. Абы къыщыдзэщIакъуэжащ 2012 - 2015 гъэхэм зэфIэкIа лэжьыгъэхэр. Конференцым хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым спортымкIэ и министрым и къуэдзэ Хэжь Заур.

ЗэIущIэм кьрихьэлIахэм и докладыр я пащхьэ кьрилъхьащ федерацэм и тхьэмадэ Кьумыкьу Асльэнджэрий. Абы и кьэпсэлъэныгъэм кьыдзэрыхэщамкIэ, отчёт лъэхъэнэм кьриубыдэу Iэхуэщ1ап1эм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэу щытахэм ящыщщ республикэм сабий баскетболым зыщегъэжьынур. Федерацэм и вице-президент Тхьэкъуахъуэ Анатолий зи унафэщI сабий-ныбжьыщIэ спорт школ №2-мрэ федерацэм и тренер-егъэджакIуэхэмрэ кьыдзэрагъэпэщуурэ ДЮСШ-хэм я гъэсэнхэмрэ республикэм и школакIуэхэмрэ я деж илъэс кьэс баскетболымкIэ, стритболымкIэ зэхьэзэхуэхэр щрагъэкIуэкI. А Iэхуэгъуэм теухуауэ, псом япэрауэ, кьыхэгъэщыпхъэхэм ящыщщ Урысейм СпортымкIэ и министерствэм зэхиублауэ екIуэкI «Топ гъуэплъыфэ» республикэпсо зэхьэзэхуэр.

Федерацэм и лэжьыгъэр игъэкIуэтэнымкIэ щIэгъэкъуэныщхуэ мэхъу Къэбэрдей-Балъкъэрым СпортымкIэ и министерствэр. Ар зыбжанэрэ дэIэпыкъуэгъу хъуащ зэхьэзэхуэхэр кьыщIэпэщыщымкIэ, зэIущIэхэмрэ зыгъэсэныгъэхэмрэ щрагъэкIуэкIыну «Гладиатор» спорт комплексыр хуит кьыхуещI.

Федерацэм и екъулIэныгъэ нэхъ инхэм ящыщщ 2015 гъэм Кавказ Ищхьэрэм щыяпэу Налшык щекIуэкIа «Локобаскет Школ Лигэ» урысейпсо зэхьэзэхуэм и финалыр. БаскетболымкIэ федерацэм фIыщIэ хуищIащ кIэух зэхьэзэхуэр ди деж щрагъэкIуэкIыну кьыхахыныкIэ сэбэп хъуа Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым спортымрэ туризмэмкIэ и комитетым и унафэщI Кьардэн Мурат. Докладым кьыщыхэщащ Урысей Федерацэм щыхь зиIэ и Тренер Кьумыкъу Риммэ и нэIэ щIэт, сытым дежи пашэхэм яхэхуэ шолакIуэхэм я командэр фIыуэ гъэхьэзыра зэрыхъуар. Иужьрей илъэситIым ди баскетболист ныбжьыщIэхэм етIуанэ увыпIэхэр зыIэрагъэхьащ. Налшык дэт сабий-ныбжьыщIэ спорт школым лэжьыгъэ купщIафIэ зэрыщекIуэкIым апхуэдэ екъулIэныгъэр щыхьэт тохъуэ. Ар тегъэщIапIэ хуэхъуащ «Локобаскет»-м и финалым иужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм «Кристалл» спорт комплексыр къыщрагъэпэщыжыну пщэрылъ зэрищIам.

Гугъуехь зыIууэхэм щытепсэлъыхьым, Кьумыкъум и гугъу ищIащ профессионал баскетбол командэ республикэм зэрыщымыIэм, а спортым дихьэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ зэрыхъум. Федерацэм и президентым кьызэрилъытэмкIэ, лъэпощхьэпо нэхъыщхьэр зэпхыжар зэгухэныгъэм Попечительскэ совет зэриимыIэрщ. Апхуэдэр щымыIэмэ, баскетболым и мызакъуэу, дэтхэнэ спорт лIэужьыгъуэми зебгъэужьыну гугъущ.

ЗэIущIэм и кIэухыр федерацэм хэтхэм зэдзэрэзыуэ Кьумыкъу Асльэнджэрий иджыри зы пIалъэкIэ унафэщIэу хахьжащ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Хэт нэхъ лъэщу пIэрэ?

● Iэпщэрыбанэ

Кисловодск къалэм щекIуэкIащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIынальэм щыIэ Меликов Сергей и Кубокым щыщIэбэна Iэпщэрыбанэ зэхэтымкIэ урысейпсо зэхьэзэхуэ.

ЗэпеУэм ирихьэлIащ хабзэхъумэ, кьаруэхьэ IэнатIэхэм я командэ 20, псори зэхэту я кьэлъагъ елъытауэ, гупибгъуу гуэша спортсмени 120-рэ.

Iэпщэрыбанэ зэхэтыр - кикбоксингыр, Iэпщэрыбанэр, нэгъуэщIхэри зыхиубыдэ спорт лIэужьыгъуэщ.

Республикэ МВД-м и СОБР-м и «Эльбрус» гупым екIуу зыкъигъэлъэгъуащ икIи командэ зэпеуэм етIуанэ увыпIэр кьыщихьащ. ЩхьэзакъуэкIэ зэхьэзэхуэм СОБР-м и лIыкIуэхэм дыщэ медали 4, дыжьыну 3 щызыIэрагъэхьащ.

Къэрал кIуэцI IэхуэхэмкIэ министру КъБР-м щыIэ полицэм и генерал-лейтенант Ромашкин Игорь *(сурэтым)* полицейхэм екIуэхьэхуащ икIи екъулIэныгъэщIэхэр зыIэрагъэхьэну зэригугъэр жиIащ.

Къэрал кIуэцI IэхуэхэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1ап1э.

Я узыншагъэм хуосакъ

Дзэлыкъуэ щIыналъэм ис сабийхэм я узыншагъэр къапщытэ.

МЫ ГЪЭМ и мазитхум кьриубыдэу дохутырхэр еплъащ цIыху мини 4,5-м. Абы хиубыдащ сабий кьалъхуагъащIэхэм къыщыщIэдзауэ илъэс 18 ирикъуа ныбжьыщIэхэм нэс. Сабий мини 3-м щыщу 1 миным щIигъур школакIуэхэщ. Мыбыхэм я узыншагъэр тэмэму кьэпщыта хъун папщIэ, дохутырхэр курыт еджапIэхэм чэзу пыухыкIам тету щыпэжьащ.

ЩIыналъэм щекIуэкIа диспансеризацэм кьызэригъэлъэгъуамкIэ, сабий 600-м нэблагъэм я узыншагъэм сэкъат зэмылIэужьыгъуэхэр яIэщ.

Сабийхэм я узыншагъэм кIэлъыплъынущ пIалъэ пыухыкIам тету кьытрагъаззэрэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

КъБР-м Печатымрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и къэрал комитетым, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м, «Налшык» ОРТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, КъБР-м и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм хиубыдэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр кьыхэзгъэпэщыныжкIэ центрым, «Тетраграф» ООО-м я лэжьакIуэхэм гущIыхьэ я ящыхъуащ КъБАССР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, журналистикэм и ветеран, «ЩIыхьым и Дамыгъэ» орденыр зыхуагъэфэща **Бекъан Чыланий Машэ и къуэр** дунейм зэрехьажар икIи абы и благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ яхуогузавэ.

КъБР-м Печатымрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и къэрал комитетым, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м, «Налшык» ОРТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, КъБР-м и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм хиубыдэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр кьыхэзгъэпэщыныжкIэ центрым, «Тетраграф» ООО-м я лэжьакIуэхэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, журналистикэм и ветеран **Мырзэкъан Суфян Жамболэт и къуэр** дунейм зэрехьажар икIи и благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ яхуогузавэ.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдзэкIынур мэкъуэуэгъуэм и 25-рщ.

● Дзюдо

Ди щIалэхэр дэни къыщыхожанымкI

Дыщэрэ жэзу зырызрэ дыжьын медалитIрэ - дзюдомкIэ дунейпсо зэхьэзэхуэхэм апхуэдэ екъулIэныгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм щызыIэрагъэхьащ.

МЫ МАХУЭХЭМ Санкт-Петербург щызэхэтащ Урысейм щIыхь зиIэ и тренер Рахлин Анатолий и дэеплъу кьызэрагъэпэща дунейпсо ныбжьыщIэ зэхьэзэхуэр. Ди къэралым и Iэтащхьэм и тренеру щытам и щIыхькIэ екIуэкIа еплIанэ зэпеуэм хэтащ Урысей Федерацэм къищынэмыщIауэ, Франджым, Польшэм, ЭстониемкъикIа дзюдоистхэр - псори зэхэту спортсмен 600-м щIигъу. Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ кьыхэхам щыбзэнащ щIыху 12.

Удэзыхьэхыу, гъащIэу екIуэкIа зэпэщIэтыныгъэхэм я пкIэ иткIэ зи хьэлъагъыр килограмм 42-м нэблагъэхэм я гупым Къуныжь Ролан япэ увыпIэр щиубыдащ. Абы иригъэкIуэкIа зэIущIиблми щэч кьызытумыхьэн текIуэныгъэхэр кьыщыхьащ икIи дыщэ медалыр кьыхуагъэфэщащ. КъищынэмыщIауэ, ди лъэпкъэгъум къратащ «Техникэ нэхьыфI зыхьзэригъэлъэгъуам папщIэ» саугъэт щхьэхуэр.

Зи хьэлъагъыр килограмм 55-м нэблагъэхэм я зэпэщIэтныгъэм жэз медалыр къыщылъысащ Мырзэбэч Исльам. ФIы дыдэу иригъэкIуэкIа зэIущIитхум кужькIэ, финал ныкъуэм ар къыщыхагъэщащ, арщхьэкIэ ещанэ увыпIэр зыIэщигъэкIакъым.

Финал зэIущIэм нэс жыджэру къэсат килограмм 46-рэ зи хьэлъагъ Къэрэшей Iэдэм. АрщхьэкIэ кIэух зэIущIэм ар пэлъэщакъым хэгъэрейхэм ящыщ Авдеев Аркадий. ТекIуахэм я теуваIэм зы лъэбакъуэкIэ пэжьжьу къэувыIэжащ Ало Мухьэмэдрэ Сулеймановрэ Далилрэ. Абыхэм етхуанэ увыпIэр яубыдащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыри зы дыжьын медаль кьыIэрыхьащ, Тбилиси къикIауэ. Куржым и къалащхьэм щекIуэкIащ 2001 - 2003 гъэхэм кьалъхуа ныбжьыщIэхэм я зэхьэзэхуэ. Зи хьэлъагъыр килограмм 66-м нэблагъэхэм я зэхьэзэхуэм зэIущитхум текIуэныгъэ кьыщихьащ Къэбардэ Бетлал. Финалым ар хуэзащ хэгъэрейхэм ящыщ Керакозишвили Давид. ЗэIущIэм хухаха зэманыр зэрытемыгъэкIауэ иухати, нэхъ лъэщыр кьыщIагъуа зэманым щызэхэкIащ. Дагъуэ кьыхуащIахэр зэхуагъэдзэжри япэ увыпIэр куржы дзюдоистым хуагъэфэщащ.

Ди спортсменхэр ягъэхьэзыр Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и тренер Джэданэ Залымрэ спортым щIыхь зиIэ и мастер Джэданэ Алимрэ.

МЭЗКУУ Андемыркъан.

Фэеплъ зэхьэзэхуэ

● Футбол

Хьэмидей къуажэм щекIуэкIащ зи къалэн зыгъэзащIэу зэкIуэда. КъБР-м и хабзэхъумэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэу Елькъэн Къазбэч, Ансокъуэ Аскэрбий, Гъукlэпщ Заурбэч сымэ я фэеплъу къыщрагъэпэща футбол зэпеуэ.

ХАБЗЭ хъуауэ ирагъэкIуэкI зэпеуэр я жэрдэмщ республикэ МВД-м и унафэщIхэм, Хьэмидей къуажэ администрацэм, зэкIуэда щIалэхэм я ныбжьэгъуэхэмрэ къыдэлэжьахэмрэ, я Iыхьлыхэм. Зэхьэзэхуэр егъэкIуэкIыныжкIэ щIэгъэкъуэн хъуащ КъБР-м и МВД-м и деж щыIэ Жылагъуэ советым хэт Шыбзыхъуэ Суфадин зи тхьэмадэ «Уи унэм - мамырыгъэ» республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэр.

2004 гъэ лъандэрэ илъэс кьэс ирагъэкIуэкI зэхьэзэхуэм мы гъэм хэтащ командэ 13. Сыт щыгъуи абы хэт къарузэхьэ IэнатIэхэм, Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм я лэжьакIуэхэм, Тэрч районым и къуажэ командэхэм нэмыщI зэпеуэм я зэфIэкI щагъэлъэгъуэну кьэкIуат Осетие Ищхьэрэ-Алание республикэм хыхьэ Раздолье къуажэм и топджэгухэр.

Хьэщ1э лъапIэхэм ящыщт КъБР-мкIэ МВД-м и ОМОН-м и унафэщIхэр, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и спортсменхэмрэ футболымкIэ тренерхэмрэ, Тэрч районым и Хьэмидей, Урожайнэ къуажэхэм я нэхъыжьыфIхэмрэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэмрэ.

Зэпеуэр кьызэзыгъэпэща комитетым и унафэщI Щамырзей Руслан жиIащ зи кьалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда хабзэхъумэхэм я фэеплъыр мыкIуэдыжымыкIэ мыпхуэдэ зэпеуэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр, абыхэм я унагъуэхэм сыт и лъэныкъуэкIи защIэгъэкъуэн зэрыхуейр. КъыкIэлъыкIуэу псалъэ зрата Шыбзыхъуэ Суфадин кьыхигъэщащ кьыттщIэхьу щIэблэр хабзэ яхэлъу, хэкупсэу гъэсэныгъэ мы Iуэхугъуэр сэбэпышхуэ зэрыхъур.

Хьэмидейм и нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ Щамырзей Ильяс и къуажэгъуэхэм кьабгъэдэкIуэу фIыщIэ яхуищащ футбол зэпеуэр кьызэзыгъэпэщахэмрэ абы хэтахэмрэ.

Зэхьэзэхуэм бжьыпэр щиубыдащ. КъБР-мкIэ МВД-м и УВО-м и командэм. Урысей МЧС-м и Iуэхущ1ап1э нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и гупыр етIуанэщ, ещанэ увыпIэр зэдагъэушащ Урожайнэ къуажэмрэ КъБР-мкIэ МВД-м и ОМОН-мрэ я топджэгухэм.

ТекIуахэм, зэхьэзэхуэм хэтахэм кубокхэр, дипломхэмрэ фэеплъ саугъэтхэмрэ ираташ.

Къэрал кIуэцI IэхуэхэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1ап1э.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жылаго Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Кьардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщIэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

Кьудамэхэм я редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1ап1эхэм я ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкIэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтекIу зэпыту щытхъум.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуэуэгъуэм и 14-м Печатым и хунтныыгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1ап1эм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДышэкI Соня,** *редактору* **Хьэрэдугъэ Алэ,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **ПхытIыкI Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дзэпыкъуэгъуэ* **Нэужокъуэ Заирэ.** *Компьютерклэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бецто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.078 ● Заказ №888